www.nohchalla.com

# Хаза нускал

**Ламана стом бууш, терка хи ва муьйлуш,
Ша басна хазбелла къора кхокху ва санна,
Хьо басна хазъели, ва нена хаза йо1.
Х1у дичи х1у хирдар-техь, х1у дичи хьо хиръяр-те,
Ва нена хаза йо1, лайла-я-лалай.**

**Лакхара ламанаш ц1е деши хилчи,
Лахара аренаш к1ай дети хилчи.
И деши, ва дети сайн дола даьлчи,
И дерриг д1аделла хьо сайна юьтур ярий,
Ва нена хаза йо1.**

**Хазалла къестаеш, хьо кхиъна яьлчи,
Басна хазъелла, хьо ара яьлчи.
Хьо йолчу аг1онгхьа мох хьекха боьлчи,
Там хуьлу сан дагна, дог ловза дуьйлу.**

**Ма хаза хийти хьо нур долчу б1аьргашна,
Ма дукха йийзи хьо кийрарчу сан дагна.
Хьо еза марзонна сан дега пхенаш,
Кхийсалуш деттало буьйсанна наб йоцуш.**

**Ма евза елар хьо нур долчу б1аьргашна,
Ма йийзи елар хьо кийрарчу сан дагна.
Хьо езар марзонна са парг1ат далац сан,
Т1ех дукха езарна хьо йоцчохь 1елац со**

**Хьо яло ва аьлла гулдина даьхни,
Хьо дага ва йеъчи, дайал бен ца хуьлу.
Езачу ва суна ма генахь ю-кха хьо,
Йигначу к1антанна хаза нускал деци хьо.**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)